

Non \_\_\_\_\_

Dat \_\_\_\_\_

**Premye Jou** --Drawing conclusion – pg 90 Theme Skills Level 5

Li pasaj sa a. Lè w fini, li chak kesyon epi nwasi pi bon repons yo.

Pony Express la make youn nan epòk ki pi eksitan nan istwa peyi Lwès. Twa mesye fòme biznis la nan 1860. Yo te vle montre gouvènman an yo te kapab delivwe lapòs ant Missouri ak California. Yo te espere ke gouvènman an evantyèlman ta anplwaye yo ak biznis nouvo yo a epi yo ta fè anpil lajan.

Mesye yo te planifye pou yon relèv transpò pou pote lapòs la ant eta yo. Yo etabli estasyon chak dis a kenz mil kote transpò yo te kapab chanje cheval. Estasyon yo te fòme yon santye ak yon longè ki 2000-mil. Apre sa, pwopwiyetè yo anplwaye kavalye pou transpòte lapòs. Pou fè sa, yo te poste piblisite sa a:

“BEZWEN”. Jènn, mèg, gason. Pa plis ke dizuitan. Dwe gen ladrès pou transpò. Dispoze pou risk mouri chak jou.”

Kavalye ki te siyen avèk Pony Express la te gen yon travay trè difisil. Yo galope ak tout vitès sot nan yon estasyon a yon lòt estasyon. Nan chak estasyon yo, yo bondi sot sou yon chwal, monte yon lòt, epi kontinye ak tout boulin. Lè yon kavalye te vwayaje ant swasantkenz a san-mil, li pase lapòs la bay yon nouvo kavalye, ki kontinye vwayaj la.

Vwayaj difisil la pran anviwon dis jou nan sezon chalè, epi douz a sèz jou nan sezon fre di a. Vwayaj ki te fèt pi kout la te transpò yon kopi diskou Abraham Lincoln te bay lè li monte Prezidan. Li te pran sèlman sèt jou ak (17) disetèdtan.

Lè Pony Express la te fèk kòmanse, kliyan yo te peye senk dola pou yo gen yon lèt delivwe. Pita, sepandan, pri a redwi a yon sèl dola. Pony Express la te fini nan 1861 lè envansyon telegraf la te parèt. Telegraf la te pèmèt moun pou voye mesaj pa telegram. Mensi Pony Express la pa t dire lontan, brav li, jènn kavalye yo ap toujou rete nan istwa peyi a.

Non \_\_\_\_\_

Dat \_\_\_\_\_

### Kesyon

1. Poukisa pwopwiyetè Pony Express la etabli yon relèv transpò olye yo voye yon sèl moun alafwa?

- A. Relèv la fè delivrezon lapòs pi vit.
- B. Relèv la fè delivrezon lapòs la pi eksitan pou transpò yo.
- C. Kavalye yo pa t vle pou fè fas a danje pou kont yo nan vwayaj la.
- D. Kavalye yo te vle wè lòt moun pandan yo t ap travay.

2. Poukisa chak kavalye monte plis pase yon sèl chwal?

- A. Tout chwal/cheval bezwen fè egzèsis.
- B. Te gen diferan chwal ki ap tann nan chak estasyon yo.
- C. Monte plis pase yon sèl chwal fè vwayaj la pi enteresan.
- D. Chwal yo te bouke aprè yo te kouri anpil konsa.

3. Konbyen estasyon relèv ki te genyen?

- A. - kèk,
- B. - yon douzèn,
- C. - yon mwatye-douzèn,
- D. - anpil

4. Poukisa vwayaj la te pran plis tan nan sezon fredri?

- A. Transpò yo te swiv yon santye diferan.
- G. Transpò yo te pase yon bon bout tan nan chak estasyon yo.
- H. Move tan fè vwayaje la vin pi difisil.
- J. Chwal yo pa t kapab kouri ak menm vitès nan sezon fredri a.

5. Poukisa Pony Express la fini menm lanne envansyon telegraf la te fèt?

- A. Anpil chwal te malad ane sa a.
- B. Telegraf la pèmèt moun voye mesaj pi vit pase Pony Express la.
- C. Tout transpò Pony Express yo te vle al travay pou konpayi telegraf yo.
- D. Pwopwiyetè Pony Express yo te vann biznis yo bay konpayi telegraf la.

Non \_\_\_\_\_

Dat \_\_\_\_\_

**Dezyèm Jou--Vokabilè/Vocabulary**

**Chwazi mo ki konplete chak analogi yo pi byen. Nwasi ti wonn bò kote pi bon repons la.**

1. Pòm detè se pou vejitab tankou pyano se pou \_\_\_\_\_.  
 A. flit  C. enstriman  
 B. tanbou  D. kawòt
2. Abondans se pou ra tankou kwense se pou \_\_\_\_\_.  
 A. piti  C. anpil  
 B. plen plas  D. pa anpil
3. Pèdi se pou malplase tankou lokalize se pou \_\_\_\_\_.  
 A. jwenn  C. manke  
 B. volè  D. bliye

Li definisyon pou mo **dwat**. Idantifye ki sa li ye nan fraz la. Nwasi oval bò kote pi bon repons la.

**Dwat - n:** sa ki moralman bon ou bon. **Adj.** - sitiye sou bò opoze a gòch. **-adv.** - nan yon fason kòrèk, byen.

4. Si ou genyen yon kesyon, tanpri leve men **dwat** ou.  
 A. non  C. adjektif  
 B. vèb  D. advèb
5. Yon bon modèl montre timoun diferans ant **sa ki bon** ak sa ki pa bon.  
 A. non  C. adjektif  
 B. vèb  D. advèb

Non \_\_\_\_\_

Dat \_\_\_\_\_

**DIREKSYON: Li fraz ki nan bwat la byen an silans. Reponn kesyon yo ki vin apre yo. Nwasi oval ki bò kote pi bon repons la.**

Chak ane elèv nan klas la ale nan pwomnad.

Chèche yon kote ou ta renmen vizite avèk lòt elèv nan klas la.

Ekri yon lèt bay pwofesè a pou konvenk li pou li mennen klas la vizite kote sa a.

1. Kilès fraz ki miyò pou kòmanse lèt w ap ekri pou konvenk pwofesè a pou l òganize yon pwomnad?

- A) Te gen yon lè mwen te ale nan piknik avèk fanmi m.
- B) Li ta bon pou nou ale vizite yon fèrn
- C) Fèrn sa a genyen anpil bèt k ap viv ladan l

2. Kilès fraz ki genven rezon pi miyò pou ale nan pwomnad la nan yon fèrn?

- A) Tout moun renmen ale nan pwomnad
- B) Pye bwa yo bay anpil lonbraj
- C) N ap genyen opòtinite pou nou obzève elvaj bèt yo

3. Ki fraz ki pi miyò pou fini lèt la?

- A) Gen lè pwomnad sa a pa yon bòn ide
- B) Pwomnad sa a kapab ede nou konprann kijan yo fè elvaj bèt
- C) Nan pwomnad sa a, nou pral amize n anpil

Anpil moun panse li pi bon pou w viv nan Florida ke nan yon lòt eta.

Reflechi sou lavi ou nan Florida, epi ak sa ou kapab fè ladann.

Eksplike moun k ap li a, poukisa ou remnen viv nan Florida.

Quarter 4 - 5<sup>th</sup> Grade Haitian-Creole Language Art Assessment

Non \_\_\_\_\_

Dat \_\_\_\_\_

4. Kilès nan fraz sa yo ki ka sèvi w pou kòmanse ekri yon redaksyon sou poukisa li pi miyò pou viv nan Florida?

O A) Genyen anpil moun ki renmen viv nan Florida.

OB) Genyen anpil rezon ki fè anpil moun kwè li pi miyò pou yo viv nan Florida pase yon lòt eta.

OC) Se yon bon kote pou moun viv.

5. Pi miyò fraz pou ou sèvi kòm konklizyon redaksyon sa a se:

OA) Moun reyèlman renman viv nan Florida paske gen anpil opòtinite pou yo amize yo.

OB) Lavi nan Florida diferan anpil de lavi nan Alaska.

OC) Èske moun renmen viv nan Florid?

Non \_\_\_\_\_

Dat \_\_\_\_\_

*Twazyèm Jou –*

**DIREKSYON:** Gade yon lèt biznis Jaklin ekri Marika. Li gen fot ladan l. Koriye tout fot yo epi ekri lèt la kòrekteman nan papye sa a.

Konpayl Pran Plezi. SA.  
1450 north miami Avenue  
mayami, Florida 33168

Janvye 24 2011

Allo Marika,

Ane sa a, mwen pral pase yon semèn nan yon kan yo rele “kan lamitye”. Mwen ta remnen konnen si ou pa ta vle ale avèk mwen. Mwen deja konnennou pral amize n anpil. Kan an ap kòmanse 15 Jiyè 2011. Pri pou kan an Se senkantdola. M ap voye vòye fòm nan pou ou avèk tout enfòmasyon yo. manman ak papa ou kapab wè tout aktivite k ap genyen nan kan an.

Tanpri reponn lèt la, pou kite mwen konnen si w ap kapab patispe nan kan an. M ap tann repons lèt mwen an tousuit.

Jaklin

---

